
InfoVIHtal
INFORMACIÓN BÁSICA SOBRE EL VIH
162
ATOUM 2020
WOLOF

Djiguéne bi nék trans sokhlana wérgu yaram si fane yeupe ak you gnouye thiaytou. Si sokhla yeupe thi la nék sét bopame bou touté ba touti, di thi bolé wérgu yarame bou séy bouye bagni khéle si nimou meuné beurri si nit di guissé bopame si mbiroume genre ak nimouye fégné si kou nék, si yarame, si noumouye nango awrame, si nougnouye doundé séni séy bo néké kéne si niome.

# DJIGUÉNE TRANS AK WÉRGOU YARAME SI SÉY



## 01 SÉY BOU WOR

Boy wakhe séy bou wor si djiguénou trans, moy khamné djiguénes yoyous meuna séy ak béppeu nit moy gor di djiguéne wala lo mou meuna done si yaramame. Si séni beugue beugue bou gnouye séy, gnome tamou nanou di diote ki gnou nékhale wala di djokhé si guinaw fi gnouye démé aleu, wala di mathi awra wala di diokhé séne leuf.

Si lou beurri, boudé danga opéréwou wala déte, yone bi guena wore pour mouche si djiangoro VIH ak yénéni djiangoro ITS yaww ak gni nga nékale moye di dieufeudinko kawasse (bi thi birre wala biti) ak ndokhoume ratakhale boye séy si guinaw keur wala si leuf. Meunga moytou tamite ak latex boy dague (dila moytoul sa guémeuye tafou si fimouye démé guinaw keur wala si awrame) boye mathi awra si yonou séy.

**Bo aksé si tane noye aré sa boppe wala gni nga nékale si yonou séy, war nga bayi khéle yi ponkes yi.**

- Boudé danga opéréou, meuna ame, dano dieule sa dérou yarame bi nék si sa diguenté ayes tanks pour defarla leuf, lo lou meuna diour risk nga ames ayes djiangoroyes ITS wala VIH , li ko warale dérbi si birre mo guena touti dérre bi nék si birre leuf bounou la opéré woule. Boudé dérre bi gnou dieule dafa diogué si sa koye wala si sa dérrou ayes khourres, risk bi mo guena touti, name meunala indile ayes diafé diafés.
- Di dieufeudinko kawasse biye dougue si birre, dina dépendre si khotayou sa leuf.
- Amna garabes younou meuna dieule (PrEP) boudé danga yakar né meuna nanou la wale djiangoro VIH, moye domous garrabes yi gnouye nane pour khékhe djiangorodji boko amé. Dioumtouwayes yoyous pour gatandou fankhe tamite walanté djiangorodji bakhe na torrope boudé défé ngako niko doctor wakhé.
- Fi si Espagne garrabes yoyou di PrEP danou koye digales niéne gni si population bi, gnou bok thi, djiguénes trans yi. Danou khoye diokhé si younou wérgou yarame pour gneupe, do diarre dara, danou koye diokhé gratuitement pour gni ko yayole.
- Beurris na ayes yones si nous gnouyes nané garrabes bobou PrEP; lo lo takhe, si djiguéne yiyes nanes ayes garrabes si lou dieume si ayes hormones pour yok séne djiguéne, gni gui léne di khélal gnou koy nane bésse bou né. Garrabe bobou di PrEP doula indile ayes diafé diafés si padioume hormone yoyou.
- Boudé danga yakar né amga diare diare bo khamné meune nga thié dieulé VIH, meune nga lathe si keurou urgence yi bou béne hopital garrabe bobou di gatandou walanté bi (PrEP)
- Lolou di PrEP, garrabe bo khamné la mome lanouye diokhé pour fadje diangoro VIH, war nga ko nane si dirou 28 fanes, ware nga ko dire si lou mou gueuneu gawe, li thi gueune bala mo rombe 6 wakhtous binga khaméné diégué nga domou diangoroye VIH, waroule rombe 72 heures té nanoko. Dél fatalikou amna ayes garrabes youyes khékhe djiangorodji PEP meunanou diakhasso ak ayes garrabous fathes hormones.

¿TIENES DUDAS SOBRE EL TEMA? PREGÚNTANOS
Tel. 93 458 26 41
consultas@gtt-vih.org

**¡POR FAVOR FOTOCÓPIALO Y HAZLO CIRCULAR!**

02

## WAGNI AYES RISK SI AYES YONOUS SÉYS

### Sey si leuf

- Meune nga guisse déréte, sirtout boudé opération bi dafa bésse, lo lou mo takh, gnou léne di digale guéne di dieufeudinko kawasse ( si birre wala si biti) pour meuna mouche si diangoroyes ITS wala VIH.
- Sa leuf dole bimouye meuna ame di guéné ndokhou ratakhale migui dependre si ninou la opéré, mo takhe amna sola di dieufeudinko ndokhoume ratakhale bénéne bou diogué si ndokhe pour moytou sidite yi bayédinkou.
- Bésse bo bayé di dieufeudinko louye oubi bou bakhe leuf, ndakhe dérou yarame bi fofou nangou, dinaye la digueule ngaye dieufeudinko fo tolou kawasse sa boye séy.

### Sey si guinaw Keur

- Si yonous séys yoyous, meune nanou thié ame ayes gagnou gagnous you toutis si birre beune beune biye dougue, lo lou meuna yok ayes risk gnou waleu la diangoro ITS wala VIH. Déle dieufeudinko kawasse (si birre wala si biti) al ndokhoume ratakhale bou diogué si ngokhe késsé wala silicone pour moytou bou bakha bakhe.

### Mathianté awra

- Name risk walanté bi toutina, meunanou chi dieulé ayes diangoros ITS (herpes, ndokhoume siti, gonorréa) wala VIH (name diaféna torrope) Risk bi mingui eupé bounou dano si sa birre guémeuye.
- Dél moytou dieuf dieuf yoyou boudé danga ame ayes dagues dagues si sa chigne mi, wala ayes ulceres, métitous birre batte, wala boudé danou la opéré lou yagoule si ayes beugnes wala si guémeugne.
- Dounou la digueule nga rakhasse sayes beugnes wala sa guémeugne bala nga commencer mathi awra, ndakhe sa guémeuye meuna guéné déréte.
- Boudé danou la opéré si guémeuye si dire mou touti, fékhéle bagna mathi awra kéne ba bagagne wér compleéement.
- Di dieufeudinko kawasse wala ape morso latex di na takhe (sa guémeuye dou tafou si awra gni gagne mathi) dina dimbeulé nga meuna mouchi si ayes ITS. Barriérou latex bobou meune nga ko ame si bo ndagué béne kawasse déf ko ayes morsos.

¿TIENES DUDAS SOBRE EL TEMA? PREGÚNTANOS

**Tel. 93 458 26 41**
**consultas@gtt-vih.org**

**¡POR FAVOR FOTOCÓPIALO Y HAZLO CIRCULAR!**

### *Mathi awra (guémeuye ak beune beunou guinaw keur)*

- Dieuf dieuf yoyou dinagnou inde ayes risk nga meune sé dieulé diangoro hepatite A aks yénes ni diangoroye ITS you diogué si ayes bacteries you mélni gonorrea, Shigella wala you mélni coronavirus SARS-CoV-2. Gnou meuna la thié wale diangoro VIH, lou néwla.
- Ande ak thiétoume yarame bou bakhe dina wagni risk yi.
- Dichi bolé tamite di dieufeudinko barriérou latex pour gatandou ayes walantés.

### Bombanté (di bombanté ayes awras té bagna dougueule)

- Dina takhe mou ame ayes risk si walanté ayes domous diangoro you mélni, ndokhoume siti, herpes, wala ayes réwes si awra, wala ayes parasites youye diokhés waga wala ayes teurgeunes.

### Sey muy deugeure

- Diléne doli khéle, bo koye déf déle dieufeudinko kawasse ak kéne kounék boy teudeuk mome wala boy diefeu dinko ayes foyékayes you séy.
- Yok sawarté gui ak dolé meuna indi nathe nathe wala sidite bou bayékou si fingaye démé guinaw keur, wala si leuf, wala si bire guémeugne dina yombale walanté diangoroyes, ITS, VIH wala hepatite C.
- Dieuf dieuf yoyou di dieule sa lokho dougueule ko si leuf, diléne kélale bo koy déf dél sol gang bou latex.
- Di chi yok diangoro hepatite C meuna nouko walanté si déréte bou touti. Mo takhe nagnouye moytou di boke ayes fowékayes you séy wala bépeu dioumtouwaye bou meuna tak déréte, bathi potou ndokhou ratakhale.

## DI BAYI KHÉLE

- Warnga wolu sa boppe té ligaye déffe nga nangou ko boye séy. Meune nga wakhtanes banou khame si lou lere kou nék ba fane la meuna yéme, fékhé ba nieuppe nangou ko bala nga dire fomoume tate ak ki nga nékale.
- Gniye ligéye si keur doctor wala si keurou communautaire warnanou la takhawou bou bakhe té mouche si ayib. Boudé danga guisse né lo lou amoul meune nga niakhtou wala nga déme si ayes keurres yo khamné dinayla khélal.
- Boudé danga am diangoro VIH, sokhlanga di nane sa garrabes yiye khékhe diangorodji ak hormone yi. Amna sola wa keur doctor yi laye fathe khame yane domou garrabes ngayes nanes ( di chi bolé garrabou hormone yi. Lo lou dafa am solo, ndakhe garrabes yi meuna diakhasso ak garrabou khékhe diangoro VIH.
- Boudé danga ame diangoro VIH, té domou diangoro bi nék si sa birre yarame kéne menou ko guisse ndakhe garrabes yi ngaye dieule, ware nga khamné domou diangorodjo djou meuno ko wale kéne koye séyale.